

\*\*\*\*\*  
 RAGAD ADVERTENTIE:  
 Kabar premili: 1 - 30 temboeng f 1.-  
 Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi  
 kirang: f 0,50.  
 Advertentie limrah: f 0,15 sagaris:  
 (apes: f 1,25).  
 Moendoet kapatjak langkoeng saking sa-  
 pisan, oetawi moendoet dados lengganan,  
 tepang rembag roemijin kalijan admini-  
 stratie.  
 Hoofdredacteur:  
 B. SOEMARNA  
 kabantoe  
 REDACTIE - COMMISSIE.  
 \*\*\*\*\*

# SWARA-TAMA

## SERAT KABAR KATHOLIEK

== Medal saben dinten Djoemawah. ==

\*\*\*\*\*  
 REGINIPOEN LENGGANAN  
 SWARA TAMA  
 1 taoen . . . . . f 6,- } njoewoen kabajar  
 1/2 " . . . . . f 3,- } roemijin.  
 3 woelan . . . . . f 1,50 }  
 Adrèsi poen Redactie lan Administratie  
 IGNATIUS-COLLEGE  
 DJOKJAKARTA.  
 Telefoon no. 885.  
 \*\*\*\*\*  
 Drukkerij „Canisius” Djokja.

### PRADJA RAHAJOE.

#### PANGGAGAS.

Tijang ingkang merlokaken dateng pradja rahajoe, sanget anggènipoen ngoedi kados-poendi rékanipoen ngitjali kasangsaranipoen kaoem be-rah soepados gesangipoen tjoendoek kalijan kamanoengsanipoen. Margi saking wontenipoen ngèlmoe liberalisme ingkang moelang bilih ma-noengsa poenika mardika sarta sa-rèhné mardika dados ladjeng kénging nglampahi sakadjeng-kadjengipoen, ladjeng dradjadi poen kaoem berah ngrekaos sanget.

Manoet ngèlmoe liberalisme anger kantongipoen pijambak saged kebak, sanadjan kaoem berah ketè-kèng-tèkèng inggih boten dipoen-pradoeli. Wadjibing tijang ngagesang poenika ingkang sapisan kedah nindakaken kaleresan, kaping kalih katresnan.

Doenoenging kaleresan poenika manawi kaoem berah angsal berahan ingkang tjoendoek kalijan kama-noengsanipoen tegesipoen manoen-gsa: nggadahi kasenangan, saged nandang sesakit, gadah anak sémah lan sapanoenggilanipoen. Dados kaoem berah boten kénging kaang-gep machine.

Doenoenging katresnan inggih poenika manawi poeroen tetoeloeng boten margi ngèntèti poenika ge-gentosing épahan, nanging margi ngèntèti bilih ingkang katoeloeng waoe sasaming toemitah.

Liberalisme poenika boten mikir dateng kaleresan lan dateng katresnan. Mila sasaged-saged ladjeng njoekani berahan ingkang sakedik. Tijang djaler berahanipoen kekatahen, liberalisme ladjeng mendet tijang èstri oetawi laré alit-alit, ingkang pandamelanipoen mèh sami kalijan tijang djaler toer berahanipoen tri-mah mirah-mirahan. Terkadang Tay-lor-systeem kaetjakaken inggih poe-nika tijang kapoerih njamboet damel kados machine. Ingkang kados ma-katen poenika moeroegaken wonten-ipoen katah tijang djaler ingkang tanpa pandamelan. Mangké manawi tijang èstri oetawi laré<sup>2</sup> kénging ka-gantos ing machine ingkang moe-roegaken mirah, inggih ladjeng sami boten kanggé, dados boten gadah pandamelan.

Jèn ing satoenggaling nagari katah tijang ingkang boten gadah pandamelan, mesti kémawon pradja rahajoe noenten risak. Mila Pangerèhing Nagari ngoepados réka daja soepa-dos tetijang waoe angsal pandamel-an oetawi wontena ingkang dipoen-teda.

Poenapa sababipoen Nagari paring pandamelan dateng tetijang ingkang sami boten gadah pandamelan waoe? Amargi kados ingkang koela atoer-aken ing nginggil, mindak ngrisak pradja rahajoe lan malihipoen margi Nagari boten saged meksa dateng toewan-toewan pabrik soepados sa-mi poeroena njoekani pandamelan dateng tetijang waoe.

Sapoenika koela gadah gagasan. Saking pamireng koela Nagari ing ngriki kagoengan nijat badé nge-mèni, munggah rékanipoen badé ngèndeli tijang katah ingkang sami njamboet damel dados berahing Nagari. Ing ngriki Nagari koela ang-gèp kados déné toewan pabrik, ingkang margi wontening djor-djoran ladjeng ngèndeli berah-berahipoen.

Ngèndeli tijang satoenggaling kalih poenika boten dados poenapa. Saged kelampahan tijang njamboet damel ladjeng nglirwakaken pandamelan-ipoen. Ingkang kados makaten poe-nika oepami dipoenkèndeli, inggih sampoen dados mestinipoen. Sina-reng ing ngriki Nagari badé ngè-n-dèli tijang katah, malah pamireng koela atosan, poenapa poenika boten kalebet ngrisak pradja rahajoe?

Manawi toewan pabrik ngèndeli tijang berah, poenika pladjengipoen noenten dateng Nagari. Nagari ingkang paring pandamelan. Jèn Nagari pijambak ingkang ngèndeli, pladjeng-ipoen noenten dateng poendi? Da-

teng panggènanipoen tijang parti-kelir? Tijang partikelir limrahipoen malah badé njakediki katahing poenggawanipoen, dados kalebet mokal manawi poeroen nampi teti-jang ingkang dipoenlèrèhi déning Nagari.

Ladjeng tijang ingkang badé di-poenlèrèhi poenika béndjing pla-djengipoen dateng poendi?

Koela boten saged mangsoeli. Mila saking panoewoen koela, manawi taksih wonten margi sanès, moegi-moegi Nagari sampoen ngan-tos nindakaken karsanipoen inggih poenika nglèrèhi poenggawanipoen ngantos atosan. poen P. D.

### LARASATI.

#### OETAMING WANITA.

Oetaming wanita poenika boten doemoenoeng oetawi goemantoeng wonten ing saéning warni, amargi sanadjan saé warninipoen ananging manawi awon watekipoen inggih dèrèng kawastanan wanita oetami. Lan malih saéning warni poenika rak kénging koela oepamèkaken sekar mawar ingkang saweg tedeng-nedenging mekar, poenika pantjèn saé lan ngresepaken pandoele; a-nanging kawoeningana, sadinten oet-awi kalih dinten engkas, sekar waoe sampoen aloem lan anggègrègi, sirna sadaja saénipoen kantoen awonipoen. Samanten oegi saéning warninipoen wanita, poenika namoeng sagebjaran, sataoen oetawi sadasa taoen kema-won sampoen sirna. Lan malih oeta-ming wanita poenika boten goe-mantoeng lan doemoenoeng ing gandes loewesing wiraga, manising oelat lan pasemon. Lah, gèk doe-moenoeng wonten poendi lan goe-mantoeng ing poenapanipoen. Poen-apa wonten ing darah? Inggih oegi boten, amargi sanadjan darahing koesoema rembesing madoe, terahing andana warih, lan tedaking amara tapa, ananging manawi awon wa-tekipoen inggih dèrèng padja-padja kawastanan wanodya ingkang oeta-mi. Dados jèn makaten oetaming wanita poenika terang sanget mena-wi namoeng goemantoeng lan doe-moenoeng ing watek. Ingkang koela kadjengaken watek ing ngriki, watek saé. Ing ngriki koela badé mastani watek ingkang saé, inggih sarana njoeplik-njoepliki ing boekoe-boekoe. Déné ingkang kalangoengan dèrèng koela wastani koela soemang-gakaken ing para maos. Watek waoe kénging koela pérang dados gang-sal golongan, inggih poenika:

- I. Taberi, gemi, nastiti ngati-ati (=ngatos-atos).
- II. Ririh, rèreh, roeroeh.
- III. Moegen, rigen, tegen.
- IV. Soetji, wani, bekti.
- V. Angker, wingit, banter, pinter.

Lah, manawi wanita anggadhahi watek gangsal golongan poenika, kados-kados sampoen kénging di-poenwastani wanodya oetami sedja-ti. Déné gelar lan gantjar, gantjaripoen tetemboengan ing nginggil waoe, kados ing ngandap poenika:

I. Menggah tegesipoen taberi makaten: marsoedi lan andjanga dateng katjekapan, dipoenparadi sa-gedipoen loeloes boten wonten sa-kara-kara, kanti sregep lan mantep, sampoen ngantos kekirangan san-dang teda.

Tegesipoen gemi: barang ingkang taksih kanggé karoematana kanti doemoewé, sanadyan barang waoe sapélé, oetawi sakedik, baba-sanipoen sareng sadjimpit, trasi sa-doelelit, gombal sasowèk, kedah di-poenrimati ingkang saé. Amargi wanita ingkang boten anindakaken tetemboengan ing nginggil waoe, nami kalintoe gesangipoen andjalari doemawahing papa lan tjintraka.

moewé ing panggaraping bekakas grija, sampoen sapoeroen-poeroen kémawon.

II. Tegesipoen ririh makaten: sarèhning wanita poenika babasan-ipoen kroebjoek kawratan pindjoeng, pramila njamboeta damel, loemam-paha, witjantena, goemoedjenga, kedah ingkang alon, nglenggahana kawatan, sampoen ngantos kasen-doe ing sanès, poenika nama saroe.

Tegesipoen rèreh: sabar, sarèh, sampoen remen nepsoe, sampoen remen njoweara ingkang saroe, kados-ta: misoeh, nosotaken poenika boten prajogi sanget, djalaran wanita ingkang poeroen misoeh lan nosotaken poenika tjtjad ingkang ageng sanget lan ngitjalaken moernining wanita, djalaran wanita ingkang poeroen misoeh lan nosotaken poenika na-moeng tijang èstri awon.

Tegesipoen roeroeh: anteng djat-mika, boten remen witjantena oetawi goemoedjeng manawi tanpa perloe. (Ant. Soeprapto.\*)  
 Badé kasambet.

#### SESÉMAHAN.

Kita poenika sagedipoen dados bapa, oetawi sagedipoen netepi koe-wadjibaning bapa, angka satoenggaling kedah dados tijang Kristen ingkang sajektos, tegesipoen „kedah angga-dahi dedasar kasoetjarian manah.

Ing dinten ngleresi panggihing te-mantèn, pangantèn djaler ngateraken pangantèn èstri dateng sangadje-ning altar kanti pangadjeng-adjeng ingkang penoeh ing kabingahan. Sanadjan sampoen mangertos bilih ing tembé badé kadatengan kasang-saran saha rekaosing gesang, nanging manawi anjawang ingkang dados panoedjoening manah, ingkang sa-weg dados woding manah, manawi andoelele pipilihing manahipoen, ingkang badé tetoeloeng anjangi kasoeshan ing salebetipoen sesare-ngan gesang, sirna koewatosing ma-nah, ing nglebet karaos tentrem, ajem sepi ing kasamaran. Wonten tetemboengan Walandi makaten: „*Trouwen is rouwen*”. Kénging koela gantjaraken:

*Krama ikoe marganing soengkawa,  
 Jèn kakoeng bakal mangoen koeng,  
 Jèn poetri nandang wijadi,  
 Jèn prija ngadjab doehkita,  
 Jèn wadon soesah toemkèng ngendon.*

*Rabi lan laki mikolehake prihatining ati,  
 Moela dèn ngati-ati  
 Waspadakna kang bakal nekani,  
 Mrih tan awrat ing woeri.*

Jèn manoen poenika, mengkoe sémah poenika rekaos, inggih kanggé tijang djaler, inggih kanggé tijang èstri. Mila kaparenga koela tjaoe pepènget dateng para djedjaka moe-da, ingkang kagoengan kresa krama, soepados pamilihipoen sisihan sampoen ngantos sembrana, oepami namoeng margi kaboedjeng ing warni, kesesa, boten sabar. Inggih leres katah sanget tijang ingkang anggènipoen sesémahan, ing sakawit margi katarik ing warni, ananging para moeda sampoen ngantos: tresna ikoe woeta. (Liefde is blind), dados sadèrèngipoen idjab sampoen pegat naliti kalakoeanipoen laré èstri waoe. Jèn boten pantes inggih sampoen rangoe-rangoe nilar.

Amargi jèn sembrana, sajektos ngrekaos ing wingkingipoen. „*Moela dèn ngati-ati . . . enz.*” Poenika lo, pepènget kanggé para moeda. Déné anggèn koela kami poeroen tjaoe pepènget makaten waoe, djalaran sampoen mregoki sambatipoen tijang sesémahan, roe-maos jèn boten kleresan anggènipoen gegrija.

Sanadyan tetemboengan ing nging-gil waoe (Krama ikoe marganing soengkawa . . . enz.) kados-kados sampoen katjateng ing salebeting ma-nah, éwasamanten oepami sageda badé kasirnakaken. Ing batos boten pitados bilih bëntjenging kakadje-ngan oetawi soedaning katresnan

\* Béndjing malih copie sampoen dipoen-serati wolak-walik. Red.

badé saged misah raking manah oet-awi medot tetangsoeling katresnan. Ananging kawoeningana: sampoen rambah kaping pinten kémawon gagasan makaten waoe anggènipoen soelaja kalijan kajektosanipoen.

Oepami kémawon prijantoen ingkang saweg patjangan. Jèn taksih tjelak oetawi taksih saged priksa saben dinten, roemaosipoen: mokal jèn sageda petal. Ananging samangsa tebih lan ladjeng priksa sanès ingkang langkoeng saé warninipoen, dedeg-piadegipoen, lan langkoeng „vrij” pitepangipoen, lha, poenika wiwiting panggoda. Jèn boten kekah boedinipoen, sajektos saged ndjom-plang, ladjeng roemaos kema dateng badènipoen, roemaosipoen kawon poenapa-poenapanipoen kalijan laré énggal waoe, toer dèrèng tamtoe jèn sampoen mangertos saéstoe da-ting beboedènipoen.

Jèn sajektos kirang kekah, kelam-pah saged petal kalijan patjangan-ipoen ingkang lami, sanadjan roe-mijin roemaosipoen badé setya ing salaminipoen, maiben dateng ba-danipoen pijambak jèn sageda petal, sanadjan sampoen raket pitepang-ipoen, ngantos katah tijang ingkang mangretos. Amargi, koela njaosi priksa: godanipoen tijang nèm poenika katah. Jèn boten kekah inggih ang-gléwang. Manawi saweg angsal tjobi makaten waoe, tijang asring ladjeng boten gadah isin, hawa-nafsoenipoen inggih asring langkoeng kijat katim-bang pikiranipoen, roemaosipoen ladjeng jèn saé warninipoen inggih ladjeng saé kelakoeanipoen. Dados sadèrèngipoen inggih ngatos-atos.

„*Mueta dèn ngati-ati enz.*” Jèn prijantoen waoe, margi saking „vrij-nipoen” ladjeng poeroen oeb-jiang - oebjoeng pijambakan pisan ing rinten-daloe, mirangaken:

- 1. dateng badanipoen pijambak.
- 2. manawi ingkang makaten waoe bangsa koela tijang Katolik, mirangaken dateng missie. Manawi makaten kénging koela wastani: dados mengsahing missie, amargi loking tijang sanès ladjeng: „O, mengkono ikoe patrapé wong Kristen. Dadi mengkono - meng-kono ikoe ija olèh baé.” Oetawi. „Wis doewé patjangan dèwé, kok gelem mengkono karo lija, wong Kristen ikoe”.

Dados jèn mekatan saged nebih-aken lan ngrenggagaken gandè-ning missie lan tijang sanès. Mila inggih kedah ngatos-atos, sampoen ngantos wonten ingkang kados ma-katen waoe.

Angger-angger bab sesémahan amrih sagedipoen tentrem saha seneng sampoen katjeta ing sabda Dalem Hyang Pamarta, nalika ngan-dika makaten: „Oepajanan disik ka-ratoning Allah lan kaadilan Dalem; jèn ikoe wis ketemoe, barang lijané woe dipasrahaké marang kowé.

Msanawi tijang badé oetawisampoen sesémahan, ngoepados Karatoning Al-lah, manawi tijang adjrih asih dateng Goesti Allah, manawi tijang gesang mitoeroet pranatan oetawi angger-angger Dalem, manawi tijang mre-lokaken kawiloedjenganing soekma-nipoen tinimbang prakawis sanès, senadjan donja badé andatengaken kasoeshan warni-warni, éwa-déné tijang ingkang makaten waoe temtoe tansah badé angsal panglipoe lan katentreming ing salebeting prihatos. Déné bab lampahing tijang patja-ngan amrih saéning, sampoen naté kapatjak ing samadyaning Swara-

### ISINIPOEN.

Panggagas — Oetaming wanita — Sesémahan — Pandamelan toekang — Djaman karaméan moerid — Soe-mangga sami madjeng — Panglim-bang — Poespita mantja warna — Ontjèn sekar gambir melati — Wa-wasan boekoe — Oerap-sari — Cor-respondentie.

Tama ngriki, makaten oegi angger-anggering tijang sémahan. Ing nginggil poenika waoe, na-moeng kénging kanggé pepènget dateng para moeda.

Manawi wonten keladoeking tem-boeng oetawi oekara njoewoen pa-ngapoenten.

Ngandap ketewèl 30 — 6 — 30.  
 taklim  
 Heriot.

### ONDERWIJS.

#### PANDAMELAN TOEKANG.

(Techniek).  
 Sambetipoen Sw. Tm. No. 28

Para maos temtoenipoen ladjeng badé ngendika: bisa temen moeni jèn wong Djawa ora seneng marang panggawéjan toekang besi, wong singk pada njamboet-gawé ana ing binkil-binkil pabrik-pabrik kabèh ija wong Djawa. Kasinggihan para maos, pantjèn makaten; namoeng sapoenika, laré ingkang sampoen naté linggih ing bangkoening pamoglangan, ingkang katah boten poeroen sekolah ing Amb. school, T.S. oetawi K. W. S. spn. ingkang babagan kawroeh pertoeangan.

Para maos ngendika malih: jagéné déné tjatjahé Ambachtschool djawa saja diakèhi, malah sriwing-sriwing saben afdeling arep diedegi Amb.sch.

Kasinggihan pantjèn makaten: na-ning ratjakipoen laré ingkang njoe-woen loemebet sekolah Amb. sch. poenika namoeng kanggé tambal boetoe, tegesipoen: mlebet dateng Normaalschool, boten gadah ragad of boten katampi. Koersoes goeroe Doesoen sampoen kebak. Dateng pamoglangan tani sampoen kasèp; pados pandamelan, mangsanipoen pangiridan poenggawa; kados-poendi malih, kepeksa mlebet Ambachtsch. katimbang nganggooer.

Makaten waoe sampoen katah ketatalanipoen. Nanging margi ka-tahipoen laré wedalan angka kalih, nadjan dipoenwontenana Ambacht.sch. pinten-pinten inggih meksa kanggé, ingkang njoewoen mlebet ngrikoe inggih meksa katah.

Inggik poenika wontena karsa-nipoen para prijantoen goeroe angka kalih, andjoewehana wiwit kl. I, kagoegoelanga remen dateng pa-damelan toekang waoe, sampoen ngantos mlebetipoen dateng Amb.sch. namoeng kanggé timbang nganggooer.

Langkoeng-langkoeng laré dje-bolan H. I. S. oetawi ingkang sam-poen tamat H. I. S. poenika saja kipa-kipa, inggih pilaoer nganggooer ngetekoer katimbang mlebet Amb.sch. Mangka sinaoe dateng Amb.sch. poenika manawi sampoen gadah tjepengan temboeng walandi, tem-toe badé sekétja tembé wingking-ipoen, katimbang ingkang boten saged basa walandi. Para maos sawenèh wonten ingkang badé ngendika: jèn wis tamat saka H.I.S.

**Betha goeroe djaler oetawi èstri kanggé Standaardschool ing Zus-teran Probolinggo.**  
**Serat moegi teroes kakintoenaken dateng Moeder Overste.**  
**Heerenstraat**  
**Probolinggo.**



MOEDA-KATOELIK.  
(Djokjakarta).

Kala Ngahad tanggal 13 Djoeli 1930 poenika M.K. ngwontenaken parepatan warga wonten ing sekolahan Kambing.  
Ingkang rawoeh wonten 23, donateur lan tamoe sawatawis, ingkang ladjeng sami mlebet dados warga.  
Sasampoenipun wd. Pangarsa énggal ngawontenaken soeeng rawoeh, parepatan kintenkinten djam 10 kabikak mawi tjaringan tjang Katoelik.  
Ingkang karembag:  
1. Maos pèngetan parepatan ngadjeng, teroes kaabsahaken.  
2. Pakabaran saking Bestuur: Pangarsa lan Panitra gantos, margi Pangarsa lami kapaksa lèrèh. Ingkang wonten ing bestuur sapoenika:  
1. L. Soegijarta — pangarsa.  
2. B. Markidja — panitra.  
3. Soebardja — hartaka.  
4. Soewandi — Soekendra — } djoeroe noepiksa.  
Éwah-éwahan poenika dipoenabsahaken déning parepatan oegi.  
3. Koersoes Mladjeng lan Sport, poenika katingal dipoenadjengi sanget déning

para warga, katanda saking katahing ingkang mlebet. Dadas M.K. sapoenika koersoesipoen warni-warni.  
4. Pista taenan. Rantjangan badé kadawahaken ing woelan October ngadjeng poenika.  
5. Pitakénan a. Poenapa boten prajogi jèn M.K. ngwontenaken: 1. Vaandel 2. insigne 3. groet.  
Bestuur badé ngrembag kalijan G.A.  
b. Poenapa boten prajogi manawi M.K. ngwontenaken tjabang-tjabang ing sanès panggénan.  
Bestuur oegi badé ngrembag prakawis poenika.  
c. Kados-poendi kawontenanipoen afd. tjélengan.  
Hartaka afd. kasebat ladjeng andjlènrèh-aken prakawis poenika. Kawontenanipoen saé.  
Djalaran saking poenika ladjeng katah warga ingkang mlebet afd. poenika waoe. Sarèhning boten wonten ingkang karembag malih, parepatan kintenkinten djam 12 katoetoep kados mestinipoen.  
Panitra.  
Mangga para moeda Kátholik ing poendi-poendi sami tata baris! Red.

ora sijoed sekolah njang Amb. sch. djawa, aloewoeng njang T. S. of K.W.S. Manawi saged lan wonten, poenika koela sèwoe djoemoeroeng, namoeng ingkang boten saged ingkang koela atoeraken. Awit laré ingkang sampoen tamat Amb. sch. mangka gadah tjepangan temboeng landi, poenika, badé gampil tambah kasagedanipoen, djalaran sadaja boekoe ingkang ngemot kawroeh babagan ilmoe pertoeoengan oetawi technik poenika sami sinerat mawi basa landi oetawi Inggris. Dadas salebetipoen njamboet damel ladjeng saged, sinaoe sarwa maos-maos boekoe. Mila laré wedalan Amb. sch. ingkang saged temboeng landi, poenika ratjakipoen langkoeng saktja gesangipoen, djer blandjanipoen langkoeng saking loemajan.  
Manawi njamboetipoen damel wonten ing kita ageng kados Soerabaja, saja saktja malih, awit ladjeng saged njambi sinaoe wonten B. A. S. (Burgelijke avond school). Kados kantja koela ingkang soewaoe oegi namoeng wedalan amb. sch. djawi Semarang, sareng sampoen njamboet damel dados goeroe Amb. sch. wonten Soerabaja, njambi sinaoe wonten B. A. S. awit sampoen gadah tjepangan temboeng landi, satamatipoen B. A. S. neda medal saking Amb. sch. djawi, njoewoen dados goeroe wonten Ambacht. leergang Betawi, moetjal sinjo-sinjo, éngga sapriki, sampoen temtoe blandjanipoen langkoeng saking loemajan.  
Wonten malih laré wedalan Amb. sch. djawi Soerabaja, sareng sampoen njamboet damel, nanging dados goeroe, oegi njambi sinaoe B. A. S. éngga tamat, ladjeng kadadosaken goeroe wonten Amb. sch. Soerabaja oegi, katjarjosaken sapoenika kadadosaken vak onderwijzer amb. sch. Jodja, sampoen temtoe blandjanipoen langkoeng saking loemajan. Béda kalijan koela, tjara londho nihil, mila saking amb. sch. djawa inggih namoeng ngalih wonten amb. sch. djawa; ladjeng kagolong wong tjilik, njamboet gawéné ipik, linggoehé dingklik, toelahé satitik. Orèhan koela ing nginggil kénginga kanggé tjontot dateng laré-laré wedalan oetawi djabolan H.I.S. ingkang boten saged neroesaken dateng sekolahan sanès.  
Sapoenika djempolan Indonesia, poenapa boten mesakaken dateng laré wedalan Ambacht ingkang boten saged temboeng landi, kados-poendi sagedipoen tambah kasagedanipoen kawroeh babagan techniek, awit badé maos-maos boekoe boten saged. Mila wontena karsanipoen para kampijoen, mertal-mertali boekoe ingkang babagan kawroeh pertoeoengan, katimbang mertal dongéng-dongéng, oetawi roman.  
Poenika lo! Balé poestaka wonten pandamelan. Karsaha mertali boekoe babagan techniek; boekoe ingkang nenarik dateng tjang remen noekang, soepados kasagedan techniek ing mantja nagari, gampil soembaripoen wonten Indonesia.\*

poen rekaos. Mila soemangga koela atoeri nglebeti K. W. S. Betawi, K. E. S. Soerabaia, P. J. S. oetawi T. S. ing Djokja. Soekoer T. H. S. Bandoeng, Soekoer bagé sèwoe T. H. S. ing Delft. Manawi kasembadan katah sadèrèk R. K. wedalan technische scholen, ladjeng ngawontena serat kabar ingkang loegoe nge-mot kawroeh babagan techniek, saha kénginga kanggé adjanging pitakénan, makaten oegi manawi manggih réka énggal, sampoen ladjeng dipoenpèk pijambak, ladjeng kalebetna ing serat kabar ngrikoe, soepados toekang roetjah kados koela saged tambah kawroehipoen. Nanging ratjakipoen jèn manggih réka énggal ladjeng dipoen damel gehim. Bokmanawi T. Bosch ingkang saged ndèrèr karèt, saged ngedalaken 100% tanpa ngrisakaken wit poenika inggih dipoen damel gehim pamangghipoen.  
tjjang MANGKAK.\*

DJAMAN KRAMÉJAN MOERID.

Poengkasaning woelan Juni 1930 (salebeting liboer Juni) sekolahan-sekolahan bawah kaboepatèn Wonosobo sami dipoen ramèk-ramèkaken. Toedjoening ramè-ramè sageda saja madjeng moerid-moeridipoen. Kanggé sekolahan Sélomojo inggih boten kantoen.  
Arak-arakan moerid Sélomojo. Saking ada-adanipoen para prijantoen bestuur lan loerah-loerah, saged damel komité kraméjan moerid-moerid saonderdistrict Sélomojo (angka II setoenggal, sekolahan doesoen 5 goenggoeng moerid ± 750). Goenggoenging arta kémawon ± f 96. Tedaning moerid-moerid kasanggé déning loerah saprabotipoen (saben sakloerahan oeroen boetjoe sekawan). Arta semanten waoe toemandja dateng tetanggapan, ombèn-ombèn moerid lan roti, toewin daharing para prijantoen lan tamoe miwah wragad sanèsipoen.  
Dawah tanggal 28 Juni 1930. sedaja moerid ngempal ing sekolahan angka II Sélomojo. Djam 9 kaarak dateng assistènan kairing gangsa lan réjog, trebang. Pendjenenganipoen A.W. nitih kapal wonten ngadjeng pijambak kados sénapatning prajoeirit mandégani wadyabala ingkang badé ngloeroeng perang. Dateng ing dalemipoen A.W., pendjenenganipoen A.W. medar sabda, wosipoen matoe noewoen déné sedaja prijantoen lan loerah-loerah poeroen mbantoe wontening kraméjan akanti dana baoc lan arta. Moegi-moegi sageda netes wohing kraméjan waoe (sageda saja madjeng sekolahanipoen). Lan ngendika, sageda loerah-loerah sami sesarengan njamboet damel ngadjengaken lebetipoen moerid. Bibar pengendikanipoen A.W. laré angka II lan doesoen sami manembrama, wosipoen inggih matoe noewoen. Saking ngrikoe kararak dateng peken, dipoensoekani neda lan ngombé, roti. Rampoen poenika kénging ningali tetinggalan (ringgit wetjoetjal, barongan, topèng enz.). Ngantos sedinten moepoet.  
Déné daloenipoen inggih taksih wonten namoeng kanggé sedaja prijantoen lan loerah saprabotipoen. Woedjoeding tetinggalan boten béda kalijan sijangipoen, kaot daloe langkoeng ngengreng djalaran mawi dijan pating kientjar kados peken malem.  
Anti malaria. Daloe poenika oegi pikantoe soemangan saking dokter Magelang woedjoed gambar sorot pedjah tjatjahing film 14 idji, ngewrat gambaring tjang ingkang ketradjang malaria lan papan-papan panggénan lemoet malaria; kados-poendi réka-dajanipoen njinghiri sesakit malaria. Sedaja waoe katerangaken

\* Béndjing malih sampoen mawi potlot, lan sampoen ngantos wonten ingkang wolak-walik. Red.

klajan tjeta déning mantri malaria. Gambar kados mekaten poenika saestoe migoenani dateng kawoela. Malah ing onderdistrict Sélomojo saweg kaoedi saestoe sirnaning sesakit malaria. Katah tjang ingkang kedah dipoentoeloen. Pinten-pinten pil ingkang kasoekakaken dateng tjang doesoen, moerid-moerid, kanti lelahan. Kangdjeng Goepermèn boten éman-éman ngedalaken wragad amrih wiloedjenging kawoela. Koela ngadjeng adjeng sageda sami ngèstokaken lan nindakaken poenapa sadawoehipoen Kangdjeng Goepermèn, ingkang toedjoenipoen amrih wiloedjenging kawoela.  
L. J. Lambita.

VARIA.

SOEMANGGA SAMI MADJENG.

Koela sampoen lami gadah nijat badé ndèrèk medar ginem wonten ing taman swara ngriki, nanging tansah dèrèng wonten wekdal lan adjrih jèn dipoentabrak para prijantoen; éwasamanten sanadjang koela adjrih toer kanti sanget, meksa koela djijit.  
Para prijantoen, koela atoeri manggali, tjang Katholik ing tanah Djawi poenika ingkang tjang Djawi boten sakedik, katah sanget lo. Koela radi ngoengoen, ngoengoen koela kados-poendi? Ngoengoen koela makaten, saweg nalika roemijin dèrèng katah boekoe Katoelik sami ngandika: „Bésoek kapan wong Katoelik sing ora bisa tjara landa, bisa matja boekoe Katoelik, bok énggal sing bisa tjara landa ikoe pada ndjawakna, lan énggal dietjapaké.” Wasana doemogi ing ngendon, boekoe-boekoe sami bosok, sami ndjamoe wonten ing papan pangetjapan, mangka anggènipoen ngetjap katah-katahipoen 2000 boekoe, poenika ingkang katah pijambak, poenapa margi awis, saking pamangghipoen koela boten, margi namoeng sami kirang madjeng bab prakawis maos-maos, poenapa malih ingkang saged tjara landi pisan, poenapa boten prajogi, ngiras noeladani ingkang boten saged tjara landi, sami ngersakna toembas boekoe oetawi maos boekoe-boekoe soetji wedalan Canisius Drukkerij? toch langkoeng oetami oegi, boten wonten saroenipoen oetawi awonipoen.  
Dadas para kadang Katoelik boten soemboet kalijan pambengok-

VAN LITH-STICHTING.  
POENAPA  
woelan poenika  
Pandjenengan  
sampoen ambajar  
Contributie  
V. L. S.?  
Pangrèh V. L. S.  
Bijz. H. I. S.  
MAGELANG.

ipoen, gèk sinten ingkang karsa toembas boekoe tjap-tjapan Canisius, saweg kadang Katoelik kémawon awis-awis, poenapa tjang ingkang sanès Katoelik karsa toembas, inggih poenapa boten Rama Redactie.  
Poenapa malih Swara-Tama, sinten ingkang badé ngadjengaken Swara-Tama, jèn ta para sadèrèk boten sami karsa ngebon Swara-Tama? Jèn koela nitik tjatjahing kadang Katoelik boten padja-padja, nanging njebal saking panginten, boten soemboet kalijan anggènipoen mbengok wonten ing pakempalan-pakempalan.  
Soemangga ta sami madjeng, kadang Katoelik sanès dipoentjapaken 5000 boekoe teroes boten ngantos sataoen telas. Tjekakipoen Canisius poenika namoeng kebak tjap-tjapan bangsa sanès kémawon.\*  
Pramila mangga sami énggal madjeng mindak kawon kalijan sanès golongan.  
Wasana prakawis sadaja poenika soemangga ing sakarsa para prijantoen Katholik. \*\*  
Koela  
boten tédèng aling-aling  
B. A. T. M. SOEDARMA.  
\*) Oegi Katoelik. B. A. T. M. Soedarma.  
\*\*) Sampoen kerep sanget Sw. Tm. ngewrat pangadjak makaten poenika; ananging awis ingkang dipoentetangi manahipoen. Sababipoen poenapa? Bosenan? Éman-éman? O, tanda dèrèng . . . Red.

„KINDERKRANT.”

Koela bingah sareng maos serat kabar kita Soeara Kath. tanggal 10. No. 1. taoen 3, déné S. K. sampoen madjeng, ngantos sapoenika saged medal kaping tiga ing sawoelanipoen. Dadas boten adjeg kémawon — stil staan is achteruitgaan — nanging malah saja ngangseg. Makaten poenika mahjakaken sengoeding tradjanganipoen ingkang ngemoedèni saha ingkang ambijantoe; inggih ingkang ngasta koran, inggih ingkang ambijantoe sarana dados abboné oetawi sarana soemangan karangan lan sanèsipoen.  
Bingah koela saja mindak malih, sareng dinten tjandakipoen koela tampi Sw. Tm. Sebabipoen? Ing Sw. Tm. ngrikoe koela maos karanganipoen sad. Trenggana, ingkang awoedjoed angalembana bab wedaling kinderkrant ing Blitar, ingkang kanamakaken „Kindervriend”, saha ngewrat pangadjak dateng K. W. K. W. langkoeng-langkoeng dateng P. K. W. kersa menggalih wontenipoen kinderkrant ing tanah Djawi tengah kanggé njampedi behahipoen laré-laré ing sekolahan-sekolahan ngrikoe. Makaten poenika badé andjamani toer katah paédahipoen. Ngènteti boekti-boekti ingkang katjoenggoelaken déning sad. Trenggana, bilih golongan sanès sampoen gadah koran mawarni-warni, wonten oetoeoetipoen manawi pakempalan kita, boten badé kantoen, malah ngetog kakijatanipoen moedjpedi idam-idamanipoen, ingkang sampoen dangoe karendem ing salebeting manah.  
Sinten ingkang boten badé mangajobagja kadjeng loehoer makaten poenika? Sinten ingkang boten badé bingah, ladjeng kersa oeroeroen sakadaripoen?  
Koela pijambak inggih toemoe bingah; ing batos mongkok; nanging sareng koela wijaraken tebaning pikiran koela — inggih sagadoeg-gadoeg koela lo — teka ketoewoehan gagasan makaten: poenapa prajogi toewin saged djalan, manawi wonten kinderkrant tiga? O, pantjenipoen, sanadjang wonten kinderkrant sadasa inggih taksih kirang kémawon, manawi namoeng ngènteti katahing laré ingkang sami sekolah. Ananging sareng ngènteti kakijatan kita toewin kawontenan ingkang sampoen-sampoen (mangké koela atoeraken ing ngandap, kawontenan poenapa poenika), saking panginten koela, kok boten badé soeboer gesangipoen koran tetiga waoe; oepami saged gesang inggih badé menggrak-menggrik. Pramila sadèrèng sasampoenipoen kedah kalih ingkang pandjang roemijin.  
Déné manawi saking panggrajangan koela: poenapa boten lang-

koeng prajogi, manawi Kinderkrant ing Blitar kémawon kabantoe oegi déning para sadèrèk sanèsipoeni (langkoeng-langkoeng para goeroe) ing tanah Djawi tengah? Makaten poenika kakijatan kita nama kakrompolaken dados satoenggal, boten kapetjah-petjah. Kalijan malih ngedalaken koran kalih poenika langkoeng ngrekaos katimbang koran satoenggal, koran kalih ingkang sami toedjoenipoen. Terangipoen makaten: oepami koran kadadosaken kalih warni (kalih panggénan), lan oplaagipoen njéwoe: ongkosipoen tikel kalih katimbang jèn kadadosaken satoenggal oplaagipoen kalih éwoe.  
Pambantoenipoen sadèrèk ing tanah Djawi tengah sarana madosakan abboné's. Ing sekolahan-sekolahan makaten poenika langkoeng gampil. Goeroe saged mendet collectief abonnement kanggé moeridipoen. Arta lengganan kakintoena sesarengan: sapisan ngirid ragad. Kaping kalih: klempaking arta lengganan namoeng sakedik sanget; tjang collectief abonnement 200 oepaminipoen namoeng regi f2, 50 (saringgit). Goeroe makaten poenika toetoeoeng moeridipoen, inggih soeka kaentèngan dateng ingkang ngintoenaken koran, awit manawi koran kadadosaken satoenggal ongkosipoen soeda sanget katimbang manawi kakintoenaken idjèn.  
Ngènteti kawontenan ingkang sampoen-sampoen: P. K. W. saha afdeelingipoen K. W. K. W. sampoen (naté) gadah koran pijambak, ingkang saking pamangghipoen sad. Trenggana lan bokmanawi sadèrèk sanèsipoen inggih, boten saged ngangkat (neroesaken) amargi koewalahan. Lah sapoenika manawi badé ada-ada sanès, poenapa boten nama kaplorot? Sampoen klintoe tampi koela boten maiben katahing paédahipoen kinderkrant. Ananging poenapa koran kita boten katah oegi paédahipoen? Men moet geen oude schoenen wegwerpen, voor men nieuwe heeft.  
Nanging jèn meksa koewalahan saestoe? Poenapa sampoen ichtijar? Sampoen ngetog karoisanipoen? Sampoen njatakaken kanti setiti kawontenanipoen?  
Sampoen samanten kémawon atoer koela; mangké mindak ngambra-ambra; mindak andjoewarèhi para maos lan mindak mangsoeli orèhan koela ing S. T. no. 17 lèp 19tg. 9 Mei.  
Tjekak aos pamrajogi koela (manawi kanggé) ambijantoe Kinderkrant ing Blitar soepados ageng. P. K. W. lan afdeelingen K. W. W. sanèsipoen (kasawoen samangsamangsa taksih kalilan, rede Voorzitter). Ma'af!  
PENONTON.

OPVOEDING.

PANGLIMBANG.  
Sambetipoen Sw. Tm. No. 28.

Manawi dipoen-gagas pandjang, ngampah hawa kalijan sabar poenika boten sami. Ngampah hawa boten sanès inggih poenika wedaring pangatos-atos sampoen ngantos kalepatan djalaran saking badanipoen pijambak oetawi tjang sanès. Sareng sabar, poenika narimah, soemarah, poeroen nandang. Ngampah hawa poenika pamenggaking pikadjenangan soemedyana nepsoe, pamenggaking tandang-tandoek ingkang damel kosoet, pamenggaking pikiran ingkang oepami katingala makaten damel lingsem, pamenggaking panggambaring angen-angen ingkang boten patoet, sarta pamenggaking sadaja pakarjan ingkang andjalari kénging panggrajangan awon. Ngampah hawa, wedaring tékad santosa, poenika pamenggaking tingkah ingkang boten oeroes, keket roemaket kalijan moerid ingkang gadah raos boten saktja, ngeloes-eloes oetawi andjèwèr pipi, lan sapanoenggilanipoen. Goeroe ingkang boten poeroen ngampah hawa, dédé goeroe ingkang santosa tékadipoen, badé kètjalan ramanipoen ingkang saé, djalaran gampil gadah tindak ingkang boten maton, gampil njoekani toelada ingkang boten patoet, andjalari moerid-moerid sami itjal pitadosipoen, itjal panganggepipoen ingkang loehoer, ing batos itjal pangadji-adjinipoen. Samangsa moerid sami ngertos bilih tindakipoen goeroe boten djoedjoer, sanadyan namoeng dipoenbatos temtoe panganggepipoen soeda, koermatipoen namoeng doemoe-noeng ing lahir. Ingkang makaten waoe ingkang kapitoenèn inggih goeroe, awit rekaosipoen prasasat tanpa tandja.  
badé kasambet.

WAWASAN BOEKOE.

Peladjaran Kesehatan oleh  
Toean dokter A. Tuyter.  
„Ana dina ana oepa: angger waras, rak bisa njamboet gawé, bisa loeroe pangan.”  
Mila jektos, oeger tjang temtoe ngantosaken kasasaranipoen. Dadas boten nggoemoken sanget, bilih katah boekoe, ingkang ngemot piwoelang oetawi piweling, kados-poendi pandjagipoen badan, sampoen ngantos ketjandak ing sesakit, langkoeng-langkoeng sesakit noelar. Resikan menggahing badan sandang toewin teda poenika nebihaken sesakit.  
Ing boekoe kasbat nginggil mewahi katahing boekoe ingkang isi bab kasasaraning badan: bab satoenggal ngrembag pigoenanipoen kasasaran manawi dipoensoekani tjonto, bilih 25 taenan kapengker oep. ing kebon-kebon Deli 25% koeli ingkang pedjah, sareng sapoenika namoeng 1%. Poenapa sababipoen? Saé pandjaginipoen kasasaran, poenapa malih kawroeh bab sesakit sampoen mindak katah katimbang roemijin. Bab kalih ngrembag, kados-poendi noelaripoen sesakit. Prakawis poenika kedah kasoeemerepan ing ngakatah, soepados saged djagi-djagi ing sadèrèngipoen.  
Saladjengipoen boekoe ngrembag sesakit warni-warni, kadosta: sakit malaria, sakit typhes, sakit tjatjar, sakit léprah, sakit kolèrah lss. Satoenggil-toenggil sesakit katerangaken kanti satjeta-tjetjening saha sarana poenapa ingkang kedah kapigoenaken.  
Bab tigawelas ngrembag sesakit léprah: sesakit poenika kénging kawastanan sesakit ingkang nggegilani, kabekta saking dangoepoer oetawi saking kadadosanipoen: manawi sampoen ndadra sakit léprah boten saged ketoetoetan, lan péranganipoen badan ladjeng sami mrotoli.  
Moegi-moegi boekoe poenika soemebara ing satanah India: kawaoesa ing ngakatah, toewin ingkang sampoen maos ladjeng kersa mradinaken dateng kantijanipoen ingkang boten saged maos. Jèn makaten temtoe badé saja soeda malih sesakit ingkang wonten ing tanah India.  
Boekoe waoe dipoenpertaal ing basa Mladjeng déning Tjik Nang. Tjjang saged toembas dateng Firma J. B. Wolters; regi namoeng f 1 (satoenggal roepijah).  
Abonné ingkang asmanipoen kapatjak ing Sw. Tm. minggoe wingking sampoen katah ingkang maringi serat. Sanèsipoen?  
Sad. St. Dwa. Sajoeng: prajogi, teroes kaintoenan.  
K.W. Smg. p.a. Diridjosemarto Lapersari 377. — Sw. T. wangsoel; adrès ingkang leres kados-poendi?

CORRESPONDENTIE.



# O E R A P - S A R I

(PETIKAN SERAT-SERAT KABAR SANÈS)

## KABAR KATHOLIEK.

### Ngarsa dalem I.S.K.S. Rama kali-an Pakempalan Wanita.

Njonjah Steenberghe Engering pangarsa, lan nonah Romme panitranipoen Nationale Katholieken Vrouwenbond mentas sowan odènsi wonten ngarsa dalem Pius XI, ngoendoekaken poetoesan-poetoesan-poen konggrès internasional.

Saking kapareng dalem, poetoesan<sup>2</sup> waoe badé dipoensinaoe.

Kadjawi poenika inggih ngoendoekaken rembag ingkang tjalon karembag wonten konggrès internasionala tjdakipoen, i.p. prakawis Panggoela-wentah manoe nawala dalem I. S. K. S. Rama.

Rembag poenika andadosaken kapareng pangalih dalem.

Kadjawi poenika Ingkang Sinoehoen mahjakaken pangalembanipoen dateng para Katolik ing nagari Walandi, ingkang kalebet pinqendjoel menggahing katahipoen Imam.

### Pangoeja - oeja ing Roeslan.

Tijang doesoan 500 ing Donskoje tjelak Stawropol nedy andjarah

lontjèng-lontjèng toewin bandabandanipoen Grédja ingkang ladjeng kapasokaken dateng nagari.

Wonten laré 3000 sami arakarak kanggé neda soepados Grédja-grédja ladjeng dipoendarbèni nagari. Lan inggih kalampah ing salebeting Grédja ladjeng dipoensokani papan kanggé maos, lsp.

Ing Podolsk tetijang sami ngangkah soepados papan waoe babar pisan dadosa papan tanpa Pangéran. Kanti gambira tetijang sami nandang Grédja ingkang wekasan pijambak.

Ing Corlowka wonten retja 4000 dipoenbesmi. Golonganipoen tijang ingkang ngemohi Pangéran sami anlatosi nglebeti saben grija preloe pados retja.

Ing Tobolsk, wonten Grédja 17, poenika ingkang dipoentoetoepon wonten 16. Lontjèng-lontjèngipoen dipoendepeti. Tilas Grédja waoe ladjeng kaanggé pakoendjaran, awit tjatjahing pakoendjaran tansah kirang-kirang kémawon.

## KABAR OEMOEM INDONESIA

### Assistent wedana dipoenpedjahi.

Ing Sampang (Medoera) mentas wonten assistèn wedana dipoenpedjahi tjang, kalanipoen nindakaken papriksan wonten ing satoenggiling doesoan ingkang misoewoer dados soesoehing kadoerdjahan kéwan. Mantri poelisi ingkang dados kanti-nipoen assistèn wedana waoe, toemoet ketaton. (Ind. Crt.).

### Katahipoen arta dendan Betawi.

Salebetipoen satengah taoen ingkang kapengker poenika, landgerecht ing Betawi sampoen angoeroes prakawis 16.000 (nembelas ewoe). Prakawis semanten katahipoen poenika ingkang saperangan ageng planggaran prakawis pranatan ing margi sarta mainan tjap djiki. Goenggoeng kempalipoen arta dendan ingkang sampoen katampi wonten f 40.000, nanging poenika taksih katoetan saperanganing arta dendan kala taoen kapengker. Arta dendan ingkang katampi ing salebetipoen satengah taoen poenika waoe, kinten-kinten inggih sami kalijan ingkang katampi kala Januari - Juni kala taoen kapengker. (Bintang Timoer).

### Tilas A. R. salingkoeh.

Ing satoenggiling hotel ing Bandoeng wonten Walandi anama G.C. pènsjoenan Assistent-resident, dipoentangkep poelisi. Anggènipoen njalingkoehaken montor boten kirang saking pitoe.

### Taxi ing Soerabaja.

Panggaotan taxi ing kita Soerabaja katjepeng wonten tanganipoen bangsa Tionghoa, margi taxi 843 ing kita ngrikoe, ingkang 471 (55,87%) gadahanipoen tjang Tionghoa.

Ingkang gadahanipoen bangsa Indonesia 181 (21,47%) bangsa Éropah 132 (15,66%) bangsa Arab c.s. namoeng gadah 59 (7%).

Taxi ing ngrikoe sadaja kirang langkoeng pangaos f 1.686.000.

Saben taoenipoen lisah bènsin ingkang dipoenanggé pangaos 3 miljoen roepijah. Tijang ingkang dipoenangkat ing taxi-taxi waoe satoenipoen wonten 11.000.000 — 14.000.000 tjang; sadintenipoen sopir saged angsal arta kirang langkoeng f 17,50.

Ing taoen 1929 wonten kasang-saran montor ing margi ageng kaping 2.349, kala taoen 1928 namoeng kaping 1048.

Tjatjahipoen tijang ingkang pedjah margi kaplindes montor ing taoen 1929 wonten 18, ingkang tatoe sanget 75, tatoe èntèng 445, lan ingkang namoeng damel karisakaning montor kaping 1813. (Swara Publiek).

### Pakempalan winados njadé tijang.

Wonten panginten ingkang sanget, bilih ing tanah Djawi poenika katoewoehan tjabang-tjabangipoen pakempalan winados njadé koeli. Manoe tjarijosipoen Ind. Crt., pakempalan winados waoe dipoempa-naganggi satoenggiling kadji ingkang ladjeng sasambetan kalijan komplotipoen ing Singgaper.

Ing doesoan-doesoan tanah Malaka, katah kultuuroenderneming alitalit dados gadahanipoen kadji oet. tijang boemi ingkang gadah arta. Oenderneming poenika waoe tansah kekirangan baoc. Kanggé njampeti kekirangan poenika, ladjengngoepados baoc saking tanah Djawi ingkang tétéla ketel sanget dijiwanipoen.

Manawi tijang saged ambekta koeli satoenggiling kanti wiloedjeng doemoegi Singgaper, ladjeng angsal arta kontan f 200.

Anggènipoen moeloet tjang soepados poeroen késah dateng Singgaper sampoen mesti kémawon warni-warni, mawi temboeng manis sasaminipoen.

Ing ngandap poenika wonten tjonto rékanipoen soedagar tjang anggènipoen ambekta daganganipoen.

Tijang Priboemi ingkang badé dateng tanah Sabrang poenika boten perloe mawi paspoort, kadjawi manawi ngantos medal saking sadjawining djadjahan Indonesia. Saben tijang mangretos, Bengkalis poenika doemoenoeng wonten Soematra sarta sagedipoen dipoenpoeroegi namoeng manawi medal Singgaper. Mangka Singgaper poenika plaboehan merdika ingkang kénging dipoenanggé mlebet medal tjang boten soesah mawi migoenakaken paspoort.

Prakawis poenika njoekani wewengan dateng para soedagar-tjjang, awit koeli koeli ladjeng kaapoesa-aken badé dateng Bengkalis, ingkang saestoenipoen badé kabekta dateng Singgaper. Manawi doemoegi Singgaper ladjeng toemoet kadji warganing pakempalan winados kasaboet . . . wasana ladjeng kasadé.

Koeli-koeli sami kaboejoek wonten Singgaper badé angsal épah 1 straitsdollar sadinten. Manawi sampoen tiga oet. kawan woelan ladjeng sampoen saged minggah kadji, sarta ladjeng wangsoel dateng doesoan toer mawi ambekta daradjad kadji. Boedjoekan makaten poenika oegi kerep katandoekaken para soedagar tjang.

Mesakaken bangsa koela. (Red.).

### Arta dendan ing Soerabaja.

Kwartaal kapisan ing taoen poenika, landgerecht Soerabaja nampi arta dendan f 18.861,64; kwartaal II: f 19.464,61.

Kala taoen kapengker landgerecht sampoen mriksa prakawis katahipoen 18.264, lan salebetipoen satengah taoen ing taoen 1930 sampoen mriksa prakawis 16.924. (Swara Publiek).

### Immigratie Tionghoa.

Ing wekdal ingkang kapengker poenika, katahipoen tjang Tionghoa ingkang dateng saking Tionghok bebara dateng Indonesia saja wewah katah. Langkoeng-langkoeng tjang éstri lan laré-laré, katahipoen tikal kalih tinimbang immigranten tjang djaler. Laré-laré waoe wonten ingkang saweg oemoer kalih taoen.

### Kabesmen ageng.

Kala 10 Juli, kinten-kinten djam 3.15 sonten, wonten kabesmen ing sawingking Kerkstraat Mr. Cornelis Grija ingkang kabesmi 43, grija gemeente tiga. Atoesan tjang sami boten gadah grija. Kapitoenèn éwon. Ing ngrika madeg komité-pitoe-loengan. Tanggal 14 Juli kampoeng Tanke antawisipoen Jacatra-weg kalijan koendjaran Glodok, inggih kabesmen. Papan ingkang loedes poenika djembaripoen 4000 M<sup>2</sup> (grija 40—50. Kapitoenèn kataksir éwon. Atoesan tjang (Indonesia lan Tionghoa) sami boten gadah grija. Kabesmen ing Tanka ingkang ndjalari: tjang Tionghoa pasoelelan. Kabesmen Mr. Cornelis ingkang angsal pandakwa njonjah Tionghoa margi kirang pangatos-atos anggènipoen ngreksa latoe pawon.

Motie Soerasa, kamanah boten perloe. Pratélan wangsoelanipoen Paréntah dateng Raad Kawoela, mraté-lakaken bilih Paréntah boten kagoengan sabab kanggé nglaksanani

motienipoen warga Raad Kawoela t. Soerasa ingkang tinampi ing parepatan kala taoen 1928. Motie waoe asoeraos njoewoen dateng Paréntah soepados ngajomi tetijang ndoesoen ingkang njéwakaken sabinipoen dateng kaboeididajan gendis déning sami kapoerih nanem pantoen gendjah. Prakawis poenika kapanggalih déning Paréntah dédé kapreloewan oemoem.

Nagari manggalih ing wekdal kamadjengan poenika boten prajogi amatesi malih kamardikanipoen (wettelijke vrijheid) tetijang tani bangsa ngriki ing bab damel kontrak-an. Tebaning pakarjanipoen Paréntah ladjeng tanpa wates, manawi nglijer kawadajiban ingkang ngajomi kabetahanipoen satoenggaling - toenggaling tjang

Nagari boten saged manggalih netepaken katahing arta séwan, lan kadjawi poenika inggih sakedik sanget manggihipoen alasan „toemoet tjawé-tjawé ing bab pambajariipoen karoegijang ingkang kadjandjèkaken dateng tjang tani ingkang nanem pantoen gendjah ing mangsa rendeng sadèrèngipoen taneman rosan.”

### Redi mlampah.

A.I.D. martosaken, gandèng kalijan waragad-waragad, (sataoen saged f 50.000) ingkang kawadalaken kanggé ndjagi lan ndoedoek redi ingkang mlampah (wandelenden berg) tjaket kalijan djoering Tjiso-mang) (margi sepoer Tjikampek—Bandoeng), sapoenika saweg kamanah poenapa boten langkoeng mirah (irid) manawi margi sepoer waoe dipoenelih kémawon.

Sapoenika sampoen pikantoeok padikan margi énggal ingkang pandjanganipoen sami kalijan margi ingkang sapoenika. Manawi padikan margi waoe sampoen kasètèkaken saged ngrantjang wragad - wragadipoen ingkang oegi mawi ngengeti tjalon pandamelipoen kreteg énggal. Sawoelan kalih woelan engkas badé wonten poetoesan.

### Internaat laré éstri

Nationalisten ing Soerabaja, kala tanggal 5 Juli poenika sampoen ambikak internaat kanggé laré<sup>2</sup> éstri.

### Pangiridan. - Saking schaal B. dateng A.

Gandèng kalijan karsanipoen Nagari badé mindah sawenèhing ambtenaar schaal B. dateng schaal A, pangagenging departement-departement kadjawi departement Financien, mentas sami tampi sirkoelèr.

Tijang ingkang tjalon kaelih dateng schaal A. poenika bajariipoen soeda 10%. Manawi oesoel ngelih saking schaal B. dateng A. waoe katampi, nagari tjalon saged ngirid 2 miljoen roepijah sataoen.

Ing salebeting pakarjan P. T. T. tjang ingkang oemoeripoen sampoen 50 taoen, semanten oegi ingkang dinesipoen sampoen 30 taoen, bédjnging akiripoen woelan September kedah neda kéndel. Prakawis poenika oegi toemrap maandgellers toewin tjang pènsjoenan ingkang njamboet damel kanggé sawatawis wekdal (tjdelijk).

Ing salebetipoen pakarjan S. S., boten badé nampi poenggawa énggal. Pakarjan-pakarjan ingkang panjènipoen ambetahaken poenggawa énggal, badé kasampiraken kémawon dateng poenggawa-poenggawa ingkang sapoenika.

Tijang ingkang badé prelop dateng sadjawining nagari, anggènipoen nglampahaken panjoewoenan kedah apes sataoen ing sadèrèngipoen. (Java Bode).

### Gendis ing Indonesia.

Djiwa ing Indonesia poenika kirang langkoeng 50 joeta. Manoe petangan ingkang kantoen pijambak, tjang semanten waoe anggènipoen migoenakaken gendis ingkang dipoendamel tjara Éropah, telas kirang langkoeng 375.000 ton; jèn karatjag tjang satoenggaling ing dalem sataoen nelasaken gendis 7,5 k.g.

### Kedah manganggé tjara Wlandi???

Koeningan wewah sakolahan satoenggaling, schakelschool. Ingkang nglebeti kirang langkoeng laré 40, sadaja laré Djawi. Kepala sakolah mradinaken sirkoelèr dateng tjang sepoehipoen moerid, asoeraos laré-laré ingkang sakolah ngrikoe kedah manganggé tjara Walandi manoe modèl ingkang katamokaken. Goerjoenipoen, (bangsa Indonesia), sadjakipoen ngemohi patjagan tjara Djawi. Sawenèhing tjang sepoeh wonten ingkang boten poeroen nglampahi préntah aloes poenika. (Het Nieuws).

### Syndicaat kapoek.

Ing afd. verslag B. B., kapratè-lakaken wonten warga Raad Kawoela miterang prakawis syndicaat kapoek ing Semarang, kaparingan wangsoelan dèrèng saged mastani manawi adegipoen syndicaat waoe miteonanai golongan Priboemi. Éwadéné para pangageng badé migatos-aken sarta soeka piloeloengan dateng para tani samangsa wonten nalar ingkang boten dados senengipoen.

## ONTJÈN SEKAR GAMBR MELATI.

NGABOTOHAN, . . . . . SAMPOEN KANGGÉ MAINANI

Saben-saben ing serat-serat kabar wonten pawartos, si Anoe njalingkoehaké doewit saméné ewoe: . . . si B. minggat nggondol doewit saméné atoes.

Salingkoehipoen para prijantoening Nagari waoe tétéla sanget oegi amewahi krowoking kas Nagari.

Ing djaman katjoepetan waragad poenika, Nagari katingal anggènipoen angetoeni kagoengan ambtenaar kados makaten.

Nembé poenika, I.W. Goernadoer Djéndral andawoehaken medal sirkoelèr dateng babadan ingkang gadah pangowesa ngangkat lan ngéndeli poenggawa ingkang soeraosipoen anghitjari sampoen ngantos wonten malih-malih ambtenaar njalingkoehaken arta. Manawi tétéla terang wonten ambtenaar karem ngabotohan soepados ladjeng dipoenkèndeli. Makaten oegi ambtenaar ingkang toemoet tékad-tékadan toemrap effecten oet. barang - barang baton kedah énggal katjaget katetepaken nerak kawadajiban. Langkoeng malih ambtenaar ingkang gadah tjetjepengan arta oetawi barang méliking nagari.

Dawoehipoen Ingkang Witjaksana waoe pantjèn inggih kasinggihan sanget.

Dados tétéla, Paréntah inggih angakeni, saéning wawatekan poenika kantining pasowitan ingkang bakoe pijambak. (Tegesipoen: zedelijke opvoeding langkoeng penting tinimbang lichamelijke opvoeding).

Mila, manawi Paréntah ngoepados poenggawa, sampoen ngantos ladjeng namoeng angèneti inggiling diploma. Kedah dipoentamatakan saestoe awon saéning kalakoweanipoen, kénging kaendel temenan poenapa boten.

Makaten oegi, manawi wonten ambtenaar sampoen naté katatalan kalepatan margi njalingkoehaken arta, mbédjnging samedalipoen saking oekoeman inggih sampoen ngantos kaparingan kapitadosan anjèpeng arta malih. Koela mawi matoer makaten, awit manawi koela boten kalèntoe sampoen naté wonten lalampahan kados ingkang koela kdjengaken poenika.

Wonten ing Sw.T. poenika koela sampoen naté matoer: *toelada saé* makaten preloe pijambak. Badéja wonten dawoeh oet. awisan sadinten kaping pitoe, manawi ingkang andawoehaken *boten noeladani*, inggih tanpa teges.

Tanpa *toeladanipoen* para prijantoening Nagari, boten badé gagajoehan njirnakaken sadaja tindak maksijat saged kalampahan.

Manawi para ambtenaar taksih katah ingkang sami remen ngabotohan wonten kamarbolah oet. padjagongan, boten badé kawoela saged tebih saking pakareman waoe.

Manawi para ambtenaar taksih katah ingkang angetoesan *koopoe malem*, ichtjijar anjirnakaken grija pasoeandelan inggih boten saged anedasi.

Langkoeng - langkoeng wonten ing djaman awis arta poenika, pantjèn sampoen leresipoen tjang kedah langkoeng temenan anggènipoen amboetjali sadaja pakareman ingkang amboerorsi.

Toemrap prakawis poenika ing-

kang kedah djoemangkah roemijin, para ingkang dados sawanganing ngakatah. Dados inggih para *ambtenaar, goeroe, panoentoen* lss.

Boten perloe koela atoeraken, kados poenapa kémawon babajani-poen ngabotohan poenika toemrap dateng badanipoen pijambak, anakbodjo, soemarambahipoen malih dateng djagad pasrawoengan. Langkoeng - langkoeng ngabotohan ingkang langkah saking taker. Ing Ngajogjakarta (— lan inggih boten namoeng Ngajogjakarta kémawon —) wonten golonganing prijantoen ingkang gadah padatan *ngirisakaken*. Saben mentas tampi blandja, mesti ladjeng semadosan *taroen* wonten anoe. Kerep kémawon salah satoenggaling prijantoen poenika ketelasan arta babar pisan damel kaparinipoen anak bodjo. Lan boten sapisan kaping kalih kémawon anggènipoen ngantos dipoensoesol rabinipoen wonten kalangan . . . . . Kawontenan makaten poenika, toemrap djaman anggajoe *kaloehoering bangsa*, pantjèn kedah dipoensirnakaken. Mindak dipoenwastani ti-jang: *ngisin-isini!*

Boten tédèng aling-aling, ing salebeting kalangan Kristen pijambak, satoenggaling kalih inggih wonten ingkang keladjeng koelina kalijan ngabotohan. Lekasipoen satoenggaling kalih waoe, kerep kémawon nglelèpèti sadèrèk-sadèrèkipoen.

*Oehoehoe* wonten ing *Pewarta Soerabaja* 21 Juni, lembaran kaping tiga tjarijos makaten. . . . . Pengaroeh letter „M.” memang keliwat djahat. Tapi *Oehoehoe* denger ada satoe perkompoealan Kristen jang id-zinken orien berdjoedi. Koetika satoe njonja njataken maoe djadi Kristen, asal boleh tjeki itoe djoeroe-indjil bilang baek. *Oehoehoe* djoega maoe masoek igama Kristen sadja kaloe boleh djalanin segala pengaroeh djahat dari letter „M.”

Pikantoeok koela *Pewarta Soerabaja* ingkang ngewrat prakawis poenika, saking ipé koela nak sedèrèk journalist ing Semarang. Ing soewékan koran waoe mawi dipoen-serati potlotan. „Dik! Jèn kober *sambelen sing pedes!*”

Pamirengipoen *Oehoehoe* poenika boten mawi katalisahaken Kristen *Katholiek* poenapa *Protestant*.

Kadjawi makaten sabeni oemat Kristen saged amastani, pawartos waoe *katah dorantipoen*.

Manawi koela manah, boten mokal manawi toewoehing pakabarman waoe margi wontenipoen tjang Kristen ingkang keladjeng dipoentresnani pakareman main.

Éwadéné, sanadyan makatena, . . . . . kanti ngoengak kawontenaning golongan Kristen ingkang *loear biasa* waoe, koela boten badé nandoeaken *sambelen pedes* dateng sadèrèk *Oehoehoe*.

Pangadjeng-adjeng koela, seratanipoen s. *Oehoehoe* waoe malah dadosa pèpèngèt dateng kadang kita ingkang sami *loear biasa*.

Sageda *ngerem* tindakipoen, sampoen ngantos *kaladjeng-ladjeng*. Samia èngèt bilih awonipoen tjang *satoenggaling* adakanipoen ladjeng *anglelèpètipogolongan*.

Sadèrèk, . . . . . èngètll  
Kumuningsaselé 13 Juli '30.  
Taklim: *Patjar Mérah*.

### SAKING NGAJOGJAKARTA. P. K. N. neda soewakipoen paos kepala.

*Pakempalan Kawoela Ngajogjakarta* ingkang madeg kala 29 Juni, nalika 13 Juli ngawontenaken parepatan oemoem dipoentoentoen pangarsanipoen: Bendara pangéran Soerjodiningrat, kadatengan kirang langkoeng tjang 2000 (kalebet oegi para poetri), perloe njoewoen soewakipoen paos kepala ing Ngajogjakarta.

Parepatan damel *motie* basa Djawi ingkang oenggelipoen makaten:

Parepatan oemoem „Pakempalan Kawoela Ngajogjakarta” soerja kaping 13 Djoeli 1930 wonten Djadjadijoeran, Ngajogjakarta: dipoendatengi kirang langkoeng tjang 2000 lan wonten waktilipoen pakempalan:

Sampoen amirengaken katrangan toewin pamanggih-pamanggih bab voorstel soewakipoen paos kepala:

Pamanggihipoen parepatan: njoemerepi rekaosipoen kawoela oemoem, paos kepala prajogi kasoewak;

Motie poenika kaendoekaken Sampéjan dalem Ingkang Sinoehoen saha Kangdjeng Goepoeroening Ngajogjakarta:

Poetoesoening parepatan badé kabèber wonten serat-serat kabar ing kita ngriki.

**Ngadjengaken kastie.**  
Kanggé ngadjengaken kastiespel ing kalanganipoen moerid - moerid pamoelangan angka kalih, ing kita

Ngajogjakarta kala 13-7-'30 ngedegaken *Kastiebond* dipoenpangarsani sadèrèk M. Soemandar.

### Koersoes oelah raga.

Wiwit 10-7-'30, ing Ngajogjakarta wonten koersoes gymnastiek kanggé para goeroe, dipoentoentoen s. Soepardi. Kawartos wontenipoen koersoes waoe officeel saking Departement.

### Samboetanipoen Indonesia.

Ing Péngetan Wangsoelan toemrap afdeelingverslag Volksraad, bab samboetanipoen nagari, katjarirjosaken Paréntah amanggali conversieleeningen ingkang panitjilipoen wiwit bédjnging 1933 — 34 lan anak-anipoen 5%, oetawi langkoeng.

Paréntah dèrèng saged ngandikakaken margi poenika waoe badé sarpinten sagedipoen ngirid anakan, sarta inggih taksih kapanggalih poenapa sampoen doemoegi kalamanganipoen anindakaken conversie makaten waoe.

Kanggé anakan lan loenasan (rente aflossing) samboetanipoen nagari, ing taoen 1931 sampoen dipoensodijani arta f 85.277.000. Manoe rantjangan énggal, ing salebetipoen 1932—1936 kedah saged njoedijani arta f 426.385.000, wewah f 790.000 kaping kalih, lan f 1.580.000 kaping



# Receipt<sup>2</sup>

ER  
ER  
ER  
ER  
ER

APOTHEKEN

## Rathkamp & Co

MALIOBORO 15 DJOKJAKARTA.

AGENT KANGGÉ SALEBETIPOEN  
NGAJOGJAKARTA.

**Sepeda-sepeda merk:**

SIMPLEX Cycloide, S. djené, S. petak sarta Simplex Transfer.  
HIMA: Wassenaer, Rondrit, Oranje sarta Woestduin.  
TOURIST: A. A. sarta A.

**Sedija oegi sepeda merk:**

RAY — SWIFT — GRUNO — HUMBER — VIALLE —  
BURGERS E.N.R. — KROON — NATIONAL — BERGKONIG.  
Sarta malih sepeda mirah wiwit pengaos f 55.—, f 65.—, f 75.—  
saprabotipoen: Kliting, pompa, lentéra sarta tas isi perka-  
kas koentji sarta wadah lisah.

Mentas tampi per S.S. Slamet sarta JOH. de WIT sepeda merk:  
ROVER Imperial, continental, The Rover sarta Metallicus.  
Sedija oegi Djas djawah, Kopper, Lentéra Stormking, Lemantoen  
tosan sarta tjèt wènter.

**PENJADÉJAN KENTJÈNG SARTA KATJITJILAKEN.**

Menawi perloe moendoet katerangan, badé kakintoen pratélani-  
poen kalajan lelahan.

Njenjadang Welingan.

**Rijwielenhandel Reparatie-inrichting en Smederij:**  
"WIRIOSOESENO"

Lodjketjil 16. NGAJOGJAKARTA Telf. No. 13.

M. v. BIENE.

Toekang herlodji  
dan Toekang emas.

Adres jang  
moerah

DJOKJA BANDOENG  
Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HER-  
LODJI dan PERKAKAS  
EMAS.

Pembatja

SWARA TAMA,

dengan bawa lembaran  
Swara Tama

dapat POTONGAN.

PAKOLÈH TOER LOEWESAN  
SAÉ TOEWIN AWÈT  
INGGIH NAMOENG  
MERK GAZELLE

INGKANG AWOEDJOED

ALCYON }  
DUNLOP } RIJWIELEN  
R. I. W. }

Nitjil kénging! — Kentjèng soekoer!

GAZELLE HUIS — ROEMAH GIDANG  
MALIOBORO — DJOKJA — TELF. 508.

TOKO BARANG - BARANG  
H. SPIEGEL — Djokja.

ADRES JANG PALING BAIK, boeat:

Eetserviezen — Theeserviezen: f 5,75.  
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer;  
Kereta dan korsi boeat anak - anak;  
Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan  
— permainan boeat anak - anak ketjil. —

SEMOEA BARANG PALING DJEMPOL, DAN  
MOERAH SEKALI!

Toko DJOEN & Co., Djocja.

PATJINAN MOEKA TOKO FUJI — TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik  
boewat pembikinannya.

ROTIE-ROTIE, KOEWEE-KOEWEE dan  
BESCHUIT-BESCHUIT KERING.

SROETOE-SROETOE dan ROKOK-  
ROKOK, jang haloes dan kasar.

Djoega slamanja djangan loepa minoem kita  
poenja KOFFIE BOEBOOK, jang speciaal die  
giling dengan machine Electrics, bisa giling aloes  
dan kasar, menoeroet pembellie poenja perminta'an  
die tanggoeng sampee menjenengken, harga per  
pond f 0.90.

Bolih datang saksiken!

Memoedjiken dengan hormat  
Toko DJOEN & Co.

TJÈT GILAP wedalan FRIELING model A.

kanggé ndjawi lan nglebet, namoeng kantoen ngagem.

kawadahan ing blèg, netto 10 5 2½ 1 ½ kilo;

sablèg regi 10,50 5,50 3,- 1,30 0,75;

TJÈT GILAP model B, kanggé ndjawi lan nglebet

namoeng kantoen ngagem; sablèg netto 10 kilo: f 8,50;

5 kilo: f 4,50.

PABRIK TJET R. B. FRIELING

Gondhomanan 80 — DJOKJA — Telefoon no. 784.

DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.

Ambarawa 6-7.30	Lamah 5.30-6-8.	Pekalongan <sup>8)</sup> 7.30	Soerabaja:
Amboina 7.30	Lawang <sup>5)</sup> 7.	Pemalang <sup>3)</sup> 7.30	Kepandjèn 6-7-9.
Bagan Siapi-api 7.30	Madieon 6-7.30	Pemangkat 8.30	Anita Boul. 6-7.30-9.
Bandoeng 6-7.30-9.	Magelang 7-9.	Poerwokerto 7.30	Soerakarta 6-7-8.30.
Benkoelen 7.30-9.	Makassar 6-7.30	Poerworedjo 7-8.30	Tandjoeng Balai 7.30
Blitar 7.30	Malang 6-7.15-8.30	Pontianak 7-8.30	Tandjoeng Karang 8.
Buitenzorg 6-8.	Manado 6-7.30	Probolinggo 7.30	Tandjoeng Sakti 7.30
Cheribon 7.30	Medan 6.30-8-8.30 (tjina).	Salatiga 7.30	Tara-Tara 7.30
Diember 7.30	Medari <sup>6)</sup> 7.30	Sambas 6-8.30	Tegal 6.30-8.
Djokja:	Meester Corn. 7-9.	Sambong 8.	Tering 7.
Kampementstraat Eur. 7-9.	Mendoet 6-7.30	Sawah Loento 7-8.30	Tjilatjap <sup>3)</sup> 7.30
Kota Baroe 6-7.30.	Modjokerto 6-8.	Sedajoe 7.	Tjimahi 6-8.
Djombang <sup>1)</sup> 7.30	Moentilan 5-6-8.	Sedjiram 5.45-8.30	Tomohon 7-8-9.
Fort de Kock 7.30	Muntok 8.	Semarang:	Wates <sup>7)</sup> 7.
Gandjoeran <sup>2)</sup> 7.	Ngawi <sup>7)</sup> 7.30	Gedangan 6-8.	Weltevreden:
Gombong <sup>3)</sup> 7.30	Padang 7-8.15-9 (tjina).	Bangkong 6.30-8.30	Waterlooplein 5.45-7-9.
Keboemen <sup>4)</sup> 7.30	Padang Pandjang 7.30	Tjandi 7.30	Kramat 6-8-9 (mal.).
Kediri 7.30	Pajakoeambo 7.30	Randoesari 7-9.	Wonosobo <sup>8)</sup> 7.30
Klaten 7.30	Palembang 7-9.	Singkawang 6.30-9.	Woloan 8.30
Koeta Radja 6.30-8.	Pasoeroean <sup>1)</sup> 7.30	Soekaboemi 6-7.30	
		Heuvel 5.30	

<sup>1)</sup> 1e. Achad. <sup>3)</sup> 2e. Achad. <sup>5)</sup> 1e., 2e., 4e. Achad. <sup>7)</sup> 3e. Achad.  
<sup>2)</sup> 1e. + 3e. Achad. <sup>4)</sup> 1e. Achad tiap<sup>2</sup> doea boelan. <sup>6)</sup> 2e., 4e. Achad. <sup>8)</sup> 3e. Achad.

tiga, sadaja wonten f 6.320.000, margi anggènipoen ngoendoer loenasan extra taoen 1931 dateng taoen-taoen tjandakipoen; taksih wewah f 1.611.000 kanggé indakaning anakan.

Dados kanggé loenasan lan anakan salebetipoen 1931—1936 waoe, wonten arta f 519.593.000.

**Kanggé andandosi margi.**

Poetoesaning College van gedeputeerden Djawi Kilèn kanggé andandosi margi Kawali, wates Kaboepatèn Madjalengka antawisipoen K. M. 43 kalijan K. M. 46,5 ing parésidènan Prijangan Wétan, badé nelasaken waragad f 11.880. (A. I. D.)

**Studieclub oemoer nem taoen.**

Ngetrapaken banon sapisanan kanggé gedong Nasionaal.

Kala malem Ngahad kapengker poenika, Studieclub Soerabaja mèngeti nem taoenipoen. Tijang ingkang ngèstrèni 4000. Katah oetoesan-an-oetoesan saking sadjawining Soerabaja, lan oegi katah gegèmbong kabangsan ingkang medar sabda.

Salebetipoen sadasa dinten ing woelan Juli poenika arta darma ingkang katampi wonten f 1.500.

Dinten Ngahad éndjing ing papan tjalon doenoenging Gedoeng Nasionaal dipoendatengi tijang kirang langkoeng 10.000, perloe sami anggèstrièni atrapiipoen banon ingkang sapisanan kanggé Gedong waoe.

Wakil I. S. D. P. Soerabaja wonten ingkang medar sabda.

Tetijang katah sanget ingkang sami ambekta wilodjengan dipoenkepengaken wonten ngrikoe. Pasoegetan dédé champagne; nanging: wédang pokak! Ingkang kanggé ngombé dédé gelas; batok! (Swara publik).

**Pandamelipoen arta Indonesia.** Sawenèhing warga Raad Kawoela nglahiraken pamanggihipoen, soe-

pados pandamelipoen arta Indonesia ingkang doemoegi sapriki taksih wonten Utrecht poenika dipoenelih kémawon dateng Indonesia ngriki. Wonten ing Péngetan Wangsoelan saking Departement Financiën, kapratèlakaken boten saged mindah pabrik arta ing nagari Walandi waoe dateng Indonesia, margi waragadipoen katah sanget. Kadjawi poenika Paréntah sadjakipoen inggih boten notjogi ing Indonesia dipoen-degi pabrik arta, margi babatènipoen boten timbang.

**Tetanèn ing bawah Cheribon.**

Ing bawah distrik Djatibarang taneman-taneman pantoen katingal saé. Margi wontening Irrigatie, pananeming pantoen tetijang ngrikoe ladjeng boten namoeng goemantoeing dateng djawah. Nanging margi Irrigatie dèrèng djembar saestoe, ing bawah afdeeling Indramajoe wonten tatanan warni kalih gilir goemantos, i.p. sataoen tijang tani bawah Indramajoe Kilèn ingkang kapandoean tanem kaping kalih (sataoen), ladjeng gentos Indramajoe Wétan ingkang saangsai giliran saged panèn kaping kalih. (Keng Po).

**Malaria ing Madjakerta.**

Madjakerta kénging kawastanan dados soesoehipoen sasakit malaria. Ingkang wadajib ing ngrikoe sampoen ngedalaken arta f 500, kanggé toembas tablèt dateng Bandoeng. Tetijang saged toembas pil waoe kanti regi saklangkoeng mirah sanget. (Brantasp.)

**Rechtshoogeschool.**

Katarimah Iksamenipoen bagéjan kaping kalih: Soemitra Reksadipoera, Radèn Koentjara Poerbapranata, lan M. Soemasna.

**Dipoenlawan koeli.**

Ing kaboeididajan karèt Kaba Wétan, tjaket Kebahiang (Soematra Kidol) mentas wonten planter bangsa

Walandi nama P. Bakker dipoen-tatoni koeli goeloenipoen. Begdja déné tatoenipoen boten moetawatosi.

**Soeltan Kota Pinang.**

Soeltan ing Kota Pinang (Soematra Pasisir Kilèn) Maämoer Perkasa Alam Sjah, béndjing wiwitaning taoen ngadjeng badé dateng nagari Walandi sowan Sri Maha Radja Poetri. (Het Nieuws).

**Kominis Tionghoa dipoentjepeng**

Toean Woen Tjoen Ya, kominis saking Betawi, manoeit pawartos Aneta-Nipa saking Soerabaja, dipoentjepeng poelisi.

**Geneeskundige Hoogeschool.**

Katarimah iksamenipoen dokter; s. Muza H. Soetomo Porong Lawang, lan Liem Djan Lioe ing Semarang.

**Poelisi opsiner dipoenpedjahi.**

Ing Medan mentas wonten poelisi opsiner nama de Ruiter, dipoenpedjahi tijang Toba wonten peken. Saking ada-adanipoen Pastoer Damen, ing Medan badé damel retjanipoen toewan waoe. Sapoenika sampoen saged nglempakaken arta darma katahipoen f 8000.

**Krakatau.**

Lang Eiland 13 Juli (Aneta). Djebloeg-djebloeg alit-alit ing Krakatau taksih lestantoen santer. Mentas wonten djeblosan santer sanget, ngantos pantjoerating toea doemoehi 800 M. (wingi-wingi inggil-inggilipoen namoeng 500 M.) Poelo Anak Krakatau moentjoelipoen wonten loemahing saganten ingkang katingal sampoen 30 M.

**MANTJA NEGARI.**

**HINDOE. Ébah-ébahan Gandhi.** Nembé poenika, golongan kabangsan badé damel arakan-arakan wonet Maidan. Mangka mila sampoen

KLEERMAKER ACHMAD

TAMBAKSEGARAN

SOLO

Pantji soedija kanggé para kakoeng  
mawi modèl warni-warni; oegi nampi

welingan badé roepi-roepi.

DAMELANIPOEN NÈTJES:

ÉPAHANIPOEN PANTES.

EIGENAAR ACHMADJASIN

wonten awisan boten ngéngingaken tijang damel demonstratie. Poelisi toemandang menging mawi pentoeng. Tijang ingkang tatoe 300, tatoe sanget 10, lan wonten tijang satoes kabekta dateng grija sakit.

Madi, dr. Gour poenapadéné Daman Singh sadaja sami sakabatipoen Gandhi dipoenpatrapi paekoeman koendjara 4 woelan, margi kala Djoemoewah kapengker sami damel arak-arakan ingkang andjalari tatoenipoen tijang langkoeng saking 500.

**Pasoelajan Hindoe — Islam.**

Pawartos saking Mymensingh (Bengal) tanggal 13 Juli, njarijosaken kala tanggal 12 woelan poenika, tijang Hindoe kalijan Islam sami tjampoeh. Tijang Hindoe wonten 9 ingkang pedjah. Grija-grija wonten ingkang dipoenbesmi.

Wonten pangageng poelisi satoenggal ingkang ketaton.

**ITALI. Tijang nganggoer.**

Tjatjahipoen tijang nganggoer ing Itali, mindak 7000, ngantos sapoenika ing tanah waoe gadah pandji klan-toeng boten kirang saking 365.000.

**DJERMAN. Tjatjahipoen tijang nganggoer.**

Ing salebetipoen akiripoen woelan Djoeni poenika, nagari Djerma gadah tijang nganggoer kalih mljoen-nematoes-tiang-dasa-enem tijang.

**Kasangsaran salebeting pamelikan.** Pamelikan ing satjaketipoen Housdorf (Silezië) mentas manggih katjilakan atoesan tijang ingkang tiwas.

**DJEPANG. Kasangsaran toea.**

Pawartos kala Senèn poenika njarijosaken ing Korea Kilèn wonten bandjir. Tijang pedjah kalap wonten 78. Éwon tjatjahipoen tijang ingkang kètjalan grija.

**AFGANISTAN. Pagebloek kolèrah.** Ing Afganistan wonten pagebloek kolèrah.